



Pou Piblikasyon Imedya: 06/02/2019

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE PLIS PASE 7.5 MILYON DOLA DISPONIB POU
OGMANTE PREVANSYON DEPANDANS, TRETMAN AK
SÈVIS REKIPERASYON NAN ETA NEW YORK**

***5.25 Milyon Dola Disponib pou Ogmante Disponiblité Tretman ak Asistans
Medikal***

Plis pase 2.2 Milyon Dola pou Sipòte Estrateji Prevansyon ki Baze sou Prè

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodia plis pase 7.5 milyon dola finansman disponib pou amelyore prevansyon depandans, tretman ak sèvis rekiperasyon nan Eta New York. Finansman an pral disponib atravè yon seri Demann pou Aplikasyon ke Biwo pou Sèvis Alkolis ak Toksikomani (Office of Alcoholism and Substance Abuse Services, OASAS) Eta New York administre.

“Nou angaje pou konbat depandans ak asire nou ke tout Nouyòkè gen resous ak sipò yo bezwen pou rekiperasyon”, **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Pandan n ap konstwi sou pwogrè nou te fè yo pou konbat maladi sa a atravè eta a, nou pral kontinye finanse inisyativ sa yo k ap kontinye pou fè pwomosyon yon Eta New York ki pi fò ak pi an sante.”

“Finansman pou rekiperasyon, tretman, ak sèvis sipò pou sila yo k ap lite ak depandans kontinye efò agresif n ap fè yo pou konbat epidemi opyoyid nan Eta New York”, **se sa Gouvènè Adjwen Kathy Hochul, ko-prezidan Gwoup Travay Abi Ewoyin ak Opyoyid Eta New York (NYS Heroin and Opioid Abuse Task Force), ki te fè anons lan jodia nan fowòm opyoyid nan Konte Suffolk.** “Kriz opyoyid la kontinye reklame lavi twòp Nouyòkè, epi nou angaje pou investi nan pwogram ki pral ede mete fen nan trajedi sa yo yon fwa pou tout.”

Opòtinite finansman ki annapre yo disponib nan inisyativ sa a.

3,500,000 dola pou Tretman ak Asistans Medikal (Medication Assisted Treatment, MAT) Etabli Sèvis ki nan Sant Sante Federal Kalifye an (Federally Qualified Health Centers, FQHC) Patenarya ak Pwogram Tretman Sètifye OASAS: OASAS pral bay rive jiska 10 prim jiska 350,000 dola chak bay Sant Sante Federal Kalifye. Finansman sa a pral ede pèmèt FQHC etabli sèvis twoub itilizasyon opyoyid, ki genyen laldann ogmantasyon kapasite preskripsyon, konsèy, terapi konpòtman, ak sipò rekiperasyon. Yo pral fòme anplwaye yo sou itilizasyon tou le twa medikaman ke FDA-apwouve yo ke yo itilizenan tretman Twoub Itilizasyon Opyoyid. Y ap bay youn nan chak FQHC ki nan 10 Rejyon Empire State Development yo. FQHC dwe gen yon patenarya ak o mwen yon founisè sètifye OASAS pou resevwa finansman.

1,750,000 dola pou Fasilite Pwosesis Endiksyon Biprenòfin nan Depatman Ijans Lopital ak Koneksyon Tretman ki Baze nan Kominote ak Itilizasyon Kòlèg: Yo pral bay rive jiska senk prim 350,000 dola pou ogmante disponiblite biprenòfin pou trete depandans nan depatman ijans yo. Yo pral sèvi ak finansman an pou fòme anplwaye nan depatman ijans lopital yo sou Tretman ak Asistans Medikal, kòman pou fè depistaj ak reponn ka move itilizasyon opyoyid, ak aplikasyon pwotokòl pou lye pasyan ak kòlèg ak founisè tretman sou baz kominotè. OASAS te idantifye kandida ki nan zòn ki gen gwo bezwen pou sèvis sa a.. Kandida kalifye yo se depatman ijans nan konte ki annapre yo: Allegheny, Bronx, Brooklyn, Cattaraugus, Chautauqua, Chenango, Delaware, Essex, Hamilton, Nassau, Richmond, Suffolk, Sullivan, Ulster, ak Warren. Depatman ijans yo dwe gen yon patenarya ak yon pwogram pasyan ekstèn ki sètifye OASAS pou resevwa finansman, ak yon montan maksimòm 350,000 dola pa patenarya (200,000 dola pou depatman ijans ak 150,000 pou founisè).

1,815,000 dola pou Aplike Jwèt Bon Konpòtman PAX (PAX Good Behavior Game) nan Sal Klas pou Anpeche Twoub Itilizasyon Opyoyid: OASAS pral bay rive jiska 11 prim, ak yon montan maksimòm 165,000 dola chak, pou ogmante itilizasyon Jwèt Bon Konpòtman PAX, yon pwogram prevansyon ki baze sou prèv. Inisyativ sa a itilize yon jwèt ki gen fòma k ap pran tout yon sal klas ak ekip ak ranfòsman pou ekip etidyan k ap gen konpetans nesèsè pou règlemantasyon pèsònèl. Rechèch te montre ke sa redui agresyon ak konpòtman latwoublay, ki se faktè risk pou itilizasyon ilisit dwòg adolesan ak granmoun.. Finansman pral ede fòme anplwaye sou Jwèt Bon Konpòtman PAX, ki pral fè patenarya ak pwofesè pou aplike pwogram nan. Founisè sa yo dwe genyen relasyon fòmèl ki deja la ak lekòl distri, oswa lekòl endividyèl, oswa dwe etabli yo pou pwojè sa a.

410,000 dola pou Pwogram Ranfòsman Familyal (Strengthening Families Program, SFP) pou fanmi ki rete nan Lojman Sipò Pèmanan (Permanent Supportive Housing, PSH) Rejyon Nò New York nan Konte Erie, Albany ak Schenectady: Yo pral bay de prim rive 205,000 dola yo chak pou sipòte itilizasyon elaji Pwogram Ranfòsman Familyal, yon pwogram prevansyon ki baze sou prèv, ki fèt espesyalman pou ede fanmi yo kenbe estabilite, ak diminye chans twoub abi sibstans. Nan kad inisyativ sa a, anplwaye pwogram prevansyon yo pral swiv fòmasyon nan pwogram sa a, epi yo pral bay li nan kad pwogram Lojman Sipò Pèmanan OASAS nan konte Erie, Albany, ak Schenectady.

100,000 dola pou Kreye yon Rezo Rekiperasyon ki Oryante Kòlèg pou Jèn Moun ak Jèn Adilt: OASAS pral bay rive jiska 10 prim, ak yon montan maksimòm 10,000 dola chak, pou sipò an pèsòn oswa rezotaj vityèl pami jèn moun ak jèn adilt nan rekiperasyon twoub itilizasyon sibstans, ansanm ak aktivite k ap ankouraje rekiperasyon. Kandida ki reyisi yo pral patisipe nan Rezo Ansyen Elèv Eta New York (New York State Alumni Network) ak kolabore ak Vwa Jenès la Enpòtan (Youth Voices Matter), yon rezo jèn moun ak jèn adilt k ap rekipere.

“Efò nou pou konbat depandans nan Eta New York ap mache, epi nouvo finansman sa a pral kontinye gwo travay Gouvènè Cuomo te kòmanse pou ogmante disponiblite sèvis tout kote nan eta a”, **Komisè Arlene González-Sánchez Biwo pou Sèvis Alkolis ak Toksikomani Eta New York te deklare.** “N ap tann ak enpasyans pou

ogmantasyon ak amelyorasyon sa yo rive, sa ki pral bay plis Nouyòkè kapasite pou jwenn aksè ak sèvis ki pi pre kote y ap viv la”.

Senatè Pete Harckham, 40yèm Distri Sena, Prezidan Komite Sena Abi Alkòl ak Toksikomani (Senate Alcoholism and Substance Abuse Committee) te deklare, “Nou ka jwenn toksikomani ak depandans nan chak gran vil, vil ak konte nan Eta New York, nan chak gwoup laj ak chak gwoup sosyo-ekonomik. Nouvo finansman sa a ke Gouvènè Cuomo te anonse pral rann pwogram tretman ki enpòtan anpil vin disponib pou plis endividi ki depandan epi ede kominote New York yo ak fanmi yo fè fas ak fleyo mòtèl depandans k ap mete fen nan lavi twòp moun”.

Nou ka wè RFA konplè pou chak nan inisyativ sa yo [la a](#).

Depi lè li pran pouvwa, Gouvènè Cuomo te mete sou pye yon apwòch plizyè branch agresif pou rezoud flewo opyoyid la, epi li te kreye yon kontinyòm swen kont depandans ak prevansyon total, tretman ansanm ak sèvis rekiperasyon. Pou konbat epidemi sa a, Gouvènè a te travay pou elaji aksè a sèvis travisyonèl yo, ki gen ladan pwogram sèvis kriz yo, pasyan ki entène yo, pasan a domisil yo, ak pwogram tretman rezidansyèl yo, menm jan ak sèvis tretman ki asiste ak medikaman, ak tretman mobil ak sèvis transpò yo.

An 2016, Fòs Entèkansyon pou Ewoyin (Heroin Task Force) ke Gouvènè Cuomo te mete sou pye a yo te rekòmande nouvel sèvis ki pa tradisyonèl yo, ki gen ladan sant rekiperasyon yo, lojman club pou jèn yo, sèvis konpayon ki elaji yo, ak sant aksè ki ouvri 24 sou 24, 7 jou sou 7 yo, ki ap bay evalyasyon ak referans imedyà a swen. Yo te etabli depi lè sa a sèvis sa yo nan divès kominote alantou eta a, epi yo te ede moun ki nan bezwen yo aksede a swen pi pre kote yo ap viv la.

Gouvènè a te pwopoze refòm lejislatif ak reglemantè pou pèmèt moun jwenn tretman pi rapid lè yo elimine divès restriksyon sou asirans yo, ansanm ak pwojè lwa pou redwi dire pifò preskripsyon pou opyoyid yo soti 30 jou pou vin 7 jou, ak pwojè lwa pou ogmante opòtinite fòmasyon ak edikasyon pou moun ki gen otorizasyon pou preskri medikaman yo. Gouvènè Cuomo te pran mezi tou pou konbat sèvis koutye ilegal pasyan yo ak sèvis tretman pou adiksyon ki twonpè yo.

Gouvènè a te travay tou pou ogmante fòmasyon ak disponibilite naloksòn, sa ki ap lakòz plis pase 300,000 moun nan Eta New York ki ap jwenn fòmasyon epi ki ekipe ak medikaman ranvèsman dozaj eksèsif opyoyid. Atravè aksyon Gouvènè Cuomo yo, famasi yo ki toupatou nan Eta New York yo kounye a kapab bay naloksòn san yon preskripsyon.

Nouyòkè yo ki gen difikilte avèk yon adiksyon, oswa yon pwòch ki gen difikilte, ka jwenn èd ak lespwa lè yo rele liy telefòn gratis Eta, ‘HOPEline’ 24 èdtan, 7 jou pa semèn nan 1-877-8-HOPENY (1-877-846-7369) oswa lè ou voye tèks HOPENY (Kòd Kout 467369).

Ou ka jwenn trètman pou adiksyon ki disponib ki genyen ladan yo swen pou kriz/dezentoksasyon, swen malad ki etène yo, rezidans kominotè yo, oswa swen konsiltasyon ekstèn, lè w itilize Panèl Disponibilite Trètman NYS OASAS la nan

FindAddictionTreatment.ny.gov oswa atravè sitwèb NYS OASAS la. Vizite CombatAddiction.ny.gov pou aprann plis sou siy avètisman adiksyon, revize enfòmasyon sou fason pou jwenn èd, epi jwenn aksè ak resous sou fason pou fasilite konvèsasyon ak pwòch yo ak kominote yo konsènan adiksyon. Pou w jwenn zouti pou itilize pou ka pale avèk yon jèn moun sou prevansyon itilizasyon alkòl oswa itilizasyon dwòg, vizite sitwèb Talk2Prevent Eta._

###

W'ap jwenn lòt nouvel ki disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Ekzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)